

Enfòmasyon sou Vyolans nan Kay pou tout Moun kap mande Asistans Tanporè

Enfòmasyon sa yo pral ede w wè si w se yon viktim vyolans nan kay epi pou wè ki fason pou ede oumenm ak fanmi w gen sekirite epi sipòte pwòp tèt nou.

Èske w menase ak patnè w oswa ansyen patnè w ki ka fè zak annapre yo:

- Blese w – pa egzanzan pouse w, ponyen w, souflete w, frape w, trangle w oswa ba w koud pwen?
- Fòse w kouche ak li lè ou pa vle oswa fè bagay sèks ak li lè w pa vle?
- Menase pou l fè w mal, pitit ou oswa yon moun pwòch ou?
- Rabese w tout tan oswa di w ou pa anyen?
- Anmède w, siveye w oswa swiv ou?
- Fè w gen laperèz?

Ki kalte èd w ap jwenn?

Asistans tanporè:

Ou dwe ranpli sèten egzijans pou kalifye pou asistans tanporè. Si w se yon viktim vyolans nan kay epi ou kwè si w respekte egzijans pwogram sa yo, sa ka mete oumenm ak pitit ou andanje oubyen fè l vin pi difisil pou soti anba abi a, ou ka mande yon delè tanporè (dispans) pou sèten egzijans. Paregzanzan: ranpli tout oswa kèk egzijans travay, egzekisyon pansyon alimantè pou timoun oswa tès ak tretman dwòg ak alkòl ka retade pou yon tan. Ou ka ranpli Fòm Despistaj Vyolans nan Kay la epi mande pou wè yon Lyezon Vyolans nan kay pou wè si w kalifye pou yon dispans tanporè.

Sèvis:

Ou ka rele yon liy asistans vyolans nan kay 24/24 pou enfòmasyon souabri nan ka ijans, gwoup sipò, èd sikolojik ak dwa legal ou.

Nan NYC rele: 1-800-621-4673

Nan tout lòt zòn Eta NY rele: 1-800-942-6906

TOUT moun ki pale panyòl ka rele: 1-800-942-6908

Nimewo Liy Asistans Lokal pou Vyolans nan Kay